

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Sugiyono (2019, kc. 18) nétélakeun yén pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu digunakeun pikeun nalungtik kaayaan objék anu sipatna alamiah, téhnik ngumpulkeun data sacara triangulasi (gabungan), analisis data sipatna induktif atawa kualitatif, sarta hasil panalungtikanana nyindekel kana data anu ngandung ma'na.

Ari métode déskriptif nurutkeun Arikunto (2014, kc. 3) nyaéta métode panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun pasualan anu patali jeung kaayaan, kondisi, kajadian, jsb. Maksudna, ieu métode panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun harti léksikal jeung harti idiomatis, pangaruh wangun kana harti, maksud anu dikandung, jeung unsur budaya dina paribasa Sunda milaku.

Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) idéntifikasi masalah;
- 2) nangtukeun rumusan masalah;
- 3) ngumpulkeun data;
- 4) ngolah data; jeung
- 5) nyieun kacindekan.

Léngkah-léngkah panalungtikan tuluy dipidangkeun mangrupa désain panalungtikan, nyaéta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha pasualan anu aya dina panalungtikan (Arikunto, 2014, kc. 22). Désain panalungtikan ogé mangrupa rarancang sarta padoman pikeun panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan 3.1 ieu di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan mangrupa paribasa Sunda anu raket patalina jeung laku lampah manusa dina hirup kumbuhna anu sok disebut paribasa Sunda milaku. Data paribasa Sunda milaku dijaring tina dua buku sumber data. Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 172) sumber data nyaéta objék anu digunakeun pikeun meunangkeun data panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipidangkeun idéntitas buku anu dijadikeun sumber data.

1) Sumber Data Kahiji

Judul : *Pakeman Basa Sunda: Ulikan Idiomatik Sunda*
 Pangarang : Yayat Sudaryat
 Taun Medal : 2016
 Pamedal : Pustaka Jaya
 Jumlah Kaca : 224 kaca
 Ukuran : 21 cm x 14,5 cm
 Jumlah Paribasa : 449 paribasa

2) Sumber Data Kadua

Judul : *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*
 Pangarang : Budi Rahayu Tamsyah, Dadan Djuanda, & Tati Purmawati
 Taun Medal : 2010
 Pamedal : Pustaka Setia
 Jumlah Kaca : 160 kaca
 Ukuran : 20 cm x 14 cm
 Jumlah Paribasa : 199 paribasa

Aya sawatara alesan pangna panalungtik milih dua buku di luhur, nyaéta (1) jumlah paribasa Sunda dina masing-masing buku kawilang réa, (2) ngawengku paribasa Sunda milaku anu bisa ditalungtik, sarta (3) digunakeunana dua buku tujuanna pikeun silih lengkepan data paribasa Sunda milaku.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data sangkan dina prakna panalungtikan bisa leuwih éféktif jeung sistematis (Arikunto, 2014, kc. 203). Dina panalungtikan kualitatif, instrumén anu digunakeun nyaéta panalungtik sorangan. Ku kituna, perlu ayana validitas ti panalungtik anu kudu maham kana métode panalungtikan kualitatif, ngawasa pangaweruh pakait jeung widang anu ditalungtik, sarta panalungtik kudu sadia dina neuleuman naon nu ditalungtik (Sugiyono, 2019, kc. 293).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital nu disusun dina wangun tabél. Ieu instrumén fungsina pikeun mantuan panalungtik

nyalin data paribasa Sunda milaku anu aya dina sumber data. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap dipidangkeun format kartu data digital.

Tabél 3.1
Kartu Data Paribasa Sunda Milaku

No.	No. Data	Paribasa Sunda Milaku	Kode Data
1.	(001)		(kode data)

Keterangan

Nomer Data : (001), (002), (003), jst.

Kode Data : (PBS/PSM/KC); (1000BPS/PSM/KC)

PBS : Buku *Pakeman Basa Sunda*

1000BPS : Buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*

PSM : Paribasa Sunda Milaku

KC : Kaca (1, 2, 3, jst.)

Sabada ngasupkeun sakabéh data paribasa Sunda milaku kana kartu data digital anu ébréh dina tabél 3.1, tuluy sakabéh data diwilah-wilah deui dumasar harti léksikal jeung harti idiomatis, wangun, maksud anu dikandung, jeung unsur budaya dina paribasa Sunda milaku. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap tabél anu digunakeun pikeun milah data.

Tabél 3.2
Kartu Data Harti Léksikal jeung Harti Idiomatis dina Paribasa Sunda Milaku

No.	No. Data	Paribasa Sunda Milaku	Kode Data	Harti	
				Léksikal	Idiomatis
1.	(001)		(kode data)		

Tabél 3.3
Kartu Data Wangun Paribasa Sunda Milaku

No.	No. Data	Paribasa Sunda Milaku	Kode Data	Wangun	Pola
1.	(001)		(kode data)		

Tabél 3.4
Kartu Data Pangaruh Wangun Paribasa Sunda Milaku kana Hartina

No.	No. Data	Paribasa Sunda Milaku	Kode Data	Wangun		Pangaruh kana Harti	
				PD	PJ	Déét	Jero
1.	(001)		(kode data)				

Katerangan

PD : Pondok

PJ : Panjang

Tabél 3.5
Kartu Data Maksud anu Dikandung dina Paribasa Sunda Milaku

No.	No. Data	Paribasa Sunda Milaku	Kode Data	Maksud anu Dikandung
1.	(001)		(kode data)	

Tabél 3.6
Kartu Data Unsur Budaya dina Paribasa Sunda Milaku

No.	No. Data	Paribasa Sunda Milaku	Kode Data	Unsur Budaya	Ciri
1.	(001)		(kode data)		

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta studi dokuméntasi. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 314) dokumén mangrupa cutatan dina wangun tulisan, gambar, atawa karya ti pangarang. Ari dokuméntasi anu dimaksud nyaéta buku *Pakeman Basa Sunda: Ulukan Idiomatik Sunda* karya Yayat Sudaryat jeung buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk. Tina éta buku, dikumpulkeun sakabéh paribasa Sunda milaku. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data.

- 1) Nangtukeun sumber data panalungtikan.
- 2) Maca kalawan taliti buku *Pakeman Basa Sunda: Ulukan Idiomatik Sunda* karya Yayat Sudaryat jeung buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Budi Rahayu Tamsyah, spk.

- 3) Nyirian paribasa Sunda milaku.
- 4) Nyalin data paribasa Sunda milaku sacara alfabétis kana kartu data digital.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*), nyaéta analisis pikeun niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hockett dina Sudaryat, 2014a, kc. 58). Unsur anu dianalisis nyaéta harti léksikal jeung harti idiomatis, pangaruh wangun kana harti, maksud anu dikandung, jeung unsur budaya dina paribasa Sunda milaku. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data, nyaéta:

- 1) niténan deui data anu geus dikumpulkeun dina kartu data digital;
- 2) nganalisis paribasa Sunda milaku dumasar harti léksikal jeung harti idiomatis, wangunna, maksud anu dikandungna, sarta unsur budayana;
- 3) ngadéskripsikeun paribasa Sunda milaku dumasar harti léksikal jeung harti idiomatis, wangunna, maksud anu dikandungna, sarta unsur budayana;
- 4) napsirkeun data paribasa Sunda milaku dumasar harti léksikal jeung harti idiomatis, wangunna, maksud anu dikandungna, sarta unsur budayana; jeung
- 5) nyieun kacindekan tina hasil analisis paribasa Sunda milaku.